

REZIME KLAS #10: Defi ki genyen nan bay tete (pati 1)





Doulè lè tete ap bay dwe konsidere kòm yon siyal. Si fanm nan santi yon sansasyon doulè tankou yon boule, yon zongle, oswa tankou se yon zegwi k ap pike l, sa a pa nòmal epi li ta dwe konsilte monitè laktasyon li oswa yon pwofesyonèl nan sant sante li. Doulè a ka gen plizyè kòz men pifò nan tan se yon koupèl kòrèk ki ka korije epi konsa elimine doulè nan pwatrin manman an.

Lè lèt la monte se moman kote kolostwòm lan kòmanse tounen lèt tranzisyon sa ki yon ti jan ogmante kantite lèt tete a pwodui. Manman an santi pwatrin lan plen e tete yo lou, ak kèk malèz men san gen doulè. Li enpòtan pou mete tibebe a nan tete souvan (8 a 12 tete nan 24 èdtan).



Lè pwosesis monte lèt la konplike, nou rele li **angòjman mamè**. Li pa nòmal epi asosye ak yon move kòmansman nan alètman an. Sa rive lè tibebe a pa al nan tete souvan sa ki fè tete yo pa gentan vide. Li anpeche ekoulman nòmal lèt ki soti nan tete. Aji ra pidman pou evite manman an deside sispann alete! Nou dwe debarase tete a avan n kòmanse alètman an. Yon altènativ se rale lèt la jan nou te wè deja nan klas pase yo. E lòt fason an se fe presyon lejè sou tete a, le konsa w ou fè masaj ak dwèt yo nan pozisyon sa a pou n ka soulaje tansyon nan tete a e konsa n ka ede tibebe a pran




tete a e vide l nèt. Nou dwe mete dwèt nou sou areyol la, epi peze nan direksyon zo kòt yo pou vide likid ki te nan zòn sa a. kenbe pozisyon sa a pou de a twa minit, oswa jiskaske lèt la

kòmanse koule. Lè sa a, yo ka mete ti bebe a nan tete. Nou ka tilize tou fèy chou jele.

Fant yo se maleng sou pwent tete a. Yo konn souvan parèt pandan alètman an men yo pa yon bagay nòmal. Yo gen diferan klas e fason pou jere yo dapre nivo blesi ki genyen nan tisi a. Priyoreze netwayaj ak savon ak dlo, menm jan nou ta fè netwayaj sou yon lòt pati nan kò a ki gen yon blesi




Fant sipèfisyèl yo se sa ki rive geri kou tibebe a byen mete nan tete a.



Fant pwofon yo pa geri menm lè tibebe a byen mete nan tete a. Nou itilize netwayaj ak savon an e nou ka eseye lòt bagay yon pwofesyonèl lasante evalye, tankou antibyotik sou fom krèm oswa konprime

E si doulè a rès anpil e anpeche manman an bay tete nou ka itilize metòd alètman difere kote nou tire lèt la nan tete ki gen pwoblèm nan pou nou bay tibebe a nan yon ti veso oswa n ka fè sa dapre lòt teknik nou te wè yo. Jiskaske fant yo geri epi manman an ka rive bay tete dirèkteman.



Pwen blanch yo se rès lèt, bakteri ak kalkè bloke nan yon kote lèt dwe soti nan tete a. Diferan rezon ka lakoz yo parèt e yo dwe trete selon koz ki fè yo parèt la. Si manman an pa gen doulè oswa okenn lòt deranjman, nou pa bezwen fè anyen.

Pwen blan akoz mouvman rale yo parèt lè tibebe a fè yon mouvman rale lè l nan tete manman an, pa egzanp si timoun nan ap pran tete e britsoukou l vire



tèt li san l pa lage tete a.

Yo simetrik ak rebò yo byen trase, yo wonn, yo gen koulè blan e yo sipèfisyèl. Yo pwodui yon gwo doulè ki tankou zegwi ki pike.

Pou trete yo, yon pwofesyonèl lasante ka retire yo ak materyèl ki fèt pou sa ak anpil atansyon.



Pwen blan akoz enfeksyon yo diferan, yo aismetrik (sa vle di yo pa gen yon fòm defini) yo lejèman jon, iregilye e pwofon.

Abityèlman, sa vle di gen yon pwoblèm ki pi grav pase ti blesi a ki ka yon kote kanal ki bouche oswa yon enfeksyon tankou yon mastitis. Nan ka sa a, nou pa dwe manyen pwen blan an, nou dwe voye manman an wè yon pwofesyonèl lasante ki pral preskri yon tretman atibyotik sou fom konprime.

Pwoblèm nan aletman yo se ijans ki dwe rezoud pi vit posibil, piske doulè a ka pouse manman an pa vle kontinye bay tete

